



## Tcheke kategori/filtè (filters) ki nan anyè Pre-K a

Chè fanmi,

Pandan w ap prepare pou w fè aplikasyon pre-K pitit ou a, nou ankouraje w pran avantaj filtè (filters) yo sou [Anyè Pre-K MySchools](#). Filtè yo itil pou pèsonalize rechèch ou a pou jwenn chwa ki ap satisfè bezwen ak preferans fanmi ou. Pa egzanp:

- **Plis enfòmasyon sou admisyon:** Si w gen lòt timoun k ap patisipe nan admisyon pou lòt klas, sèvi avèk filtè sa a pou wè sèlman lekòl ki nan yon lòt pwosesis admisyon DOE (pa egzanp, 3-K oswa kindergarten). Pwogram sa yo se yon bon opsyon tou pou fanmi ki vle pitit yo kontinye nan menm lekòl la pandan plizyè ane.
- **Tip plas:** Si w vle sèlman wè pwogram ki ofri yon plas patikilye pitit ou a elijib pou yo, chwazi plas jounen lekòl la oswa opsyon pandan tout ane (Jounen ak Ane Pwolonje oswa Head Start) anba **More Filters**.
  - Plas pou tout **Jounen Lekòl** yo disponib pou tout timoun Nouyòk ki fèt an 2019. Pwogram sa yo fonksyone pou omwen 6 èdtan ak 20 minit pa jou pandan ane lekòl la epi anpil ladan yo ofri sèvis pou depoze timoun bonè oswa vin chèche l ta pou yon frè; itilize opsyon **More Filters** a pou wè pwogram sa yo.
  - **Opsyon pandan Tout Ane a gratis** oswa apri redui epi yo ofri jiska 10 èdtan edikasyon ak swen pa jou pou debitan, pandan tout ane a menm an ete tou. Fanmi dwe satisfè kondisyon elijiblite ki baze sou revni ak bezwen pou plas sa yo. Pou jwenn plis enfòmasyon tanpri ale sou sitwèb la nan [nyc.gov/prek](http://nyc.gov/prek).
- Genyen anpil lòt bagay ou ka chwazi, ladan **De lang**, pwogram **Sipò pou lang** ak priyorite pou **Divèsite nan Admisyon** pou sèten aplikan anba **More Filters**.

**Èske w vle gen plis enfòmasyon sou admisyon?** Patisipe avèk nou nan aktivite vityèl sou admisyon nan lekòl primè 15 fevriye. Pou w jwenn detay aktivite yo, ale sou [sitwèb aktivite](#) nou an.

**Ou toujou gen kesyon?** Rele nou nan 718-935-2009 oswa kontakte [Sant Byenveni pou Fanmi](#) (Family Welcome Center, FWC) ki pre lakay ou a.

Bòn chans,  
Ekip pou admisyon nan lekòl primè

**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w [mete non w sou lis](#) imèl admisyon pre-K nou an.

**Si w pa vle resevwa imèl ankò** nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w.